



24, fevriye 2024

Chè Pwopriyetè Biznis nan Cambridge

Vil Cambridge la ap mennen yon ankèt sou pwopriyetè ti biznis sou Hampshire Street la. Ankèt la pral rasanble enfòmasyon apre enstalasyon vwa separe pou bisiklèt ki te fèt nan lane 2023 a. Bisiklèt yo te enstale nan kad Òdonans sou Sekirite Bisiklèt la.

Konsènan Ankèt Biznis la

N ap mande detayan, restoran, biznis ki bay sèvis pèsònèl ak medikal yo pou yo patisipe nan ankèt la anliy. Ankèt la ap pran anviwon 5-6 minit. Tanpri reponn kesyon ankèt yo nan fason ki pi onèt ou kapab. Ankèt ka gen ladan yon demann pou w pataje enfòmasyon finansye yo avèk nou. **Tout enfòmasyon finansye ke ou bay ap rete konfidansyèl nan mezi lalwa pèmèt sa, epi done yo ap pataje sèlman nan yon fason konbine.**

kalite enfòmasyon finansye ki ap itil yo ka gen ladan yo:

- Done taks sou Vant/Repas
- Deklarasyon Enpo
- Deklarasyon Pwofi ak Pèt

Pwopriyetè, jeran, oswa moun k ap fè biznis la mache a t a dwe reponn kesyon ankèt sa a. Si ou posede anpil biznis sou Hampshire Street la, chak kote sa yo ap resevwa yon lyen espesifik pou ankèt la.

Kòd Repons Rapid (Quick Response, QR) espesifik pou ankèt la ap mache sèlman pou biznis ou an. Si ou genyen yon biznis bò kote w ki pa t resevwa yon lèt nan men vil la, ou genyen kesyon konsènan ankèt la, oswa ou gen difikilte pou antre nan lyen ki pi ba a, tanpri kontakte nou nan edd@cambridgema.gov epi yon moun ap ede w.

Mèsi pou patisipasyon ou. Nou pa ka tann pou nou resevwa fidbak ou.

Ak tout senserite,

Pardis Saffari
Direktè Opòtinite ak Devlopman Ekonomik
Vil Cambridge, Depatman Devlopman Kominotè

Melissa Peters | Asistan Direktè Minisipal pa enterim pou Devlopman Kominotè
Sandra Clarke | Chèf Administrasyon & Operasyon

Kisa Òdonans sou Sekirite Bisiklèt la ye?

Nan lane 2019, Konsèy Minisipal Cambridge la te pase Òdonans sou Sekirite Bisiklèt la (Cycling Safety Ordinance, CSO). Òdonans lan egzije konstriksyon vwa separe pou bisiklèt yo lè y ap rekonstwi lari yo nan kad Plan Senkan Vil la pou Lari ak Twotwa yo e yo deziyen yo pou pi gwo separasyon nan Vizyon Rezo Bisiklèt la.

Nan lane 2020, Konsèy la te amande CSO a. Amandman yo te mete egzijans pou enstalasyon apeprè 25 mil (40 kilomèt) vwa separe pou bisiklèt nan pwochen senk a sèt lane k ap vini yo. Alafwa Vizyon Rezo Bisiklèt Cambridge la ak lòt egzijans espesifik nan Òdonans lan ap enfòm sou ki kote enfrastrikti sa yo ap ye.

Pou plis enfòmasyon sou Òdonans lan ak sou pwojè a, ale sou :

<https://www.cambridgema.gov/streetsandtransportation/policiesordinancesandplans/cyclingsafetyordinance>

Lyen pou pwojè teren bisiklèt:

<https://www.cambridgema.gov/streetsandtransportation/policiesordinancesandplans/cyclingsafetyordinance/Projects>

Melissa Peters | Asistan Direktè Minisipal pa enterim pou Devlopman Kominotè

Sandra Clarke | Chèf Administrasyon & Operasyon